



**KEMENTERIAN AGAMA KABUPATEN NGAWI
PAT SEMESTER II TAHUN AJARAN 2022 / 2023**

Mata Pelajaran	: Bahasa Indonesia	Nama :
Hari / Tanggal	: 3 April 2023	No.Absen:.....
Waktu	: 07.00 – 09.00	Kelas : VI

I. Wenehana tanda ping (x) ing aksara a, b, c , utawa d sangarepe wangsulane kang ana lembar jawab kang cumawis !

Kangge no 1 -3 !

Gathotkaca Gugur

Perang Baratayuda Binangun njaluk tumbal nyawa prajurit pirang – pirang. Gugure para prajurit ninggal rasa sedhih, gela , lan getun mungguhe kadang Pandhawa kang nduweni watek welas asih lan seneng tetulung. Ora mung golongan Pandhawa, golongan Kurawa lan prajurit negara telukane uga ngraosaken rasa sedhih, gela , lan getun. Kabeh kepengin supaya perang enggal rampung.

1. Kang dadi topik wacan ing dhuwur yaiku
 - A. Perang Baratayuda Binangun njaluk tumbal nyawa prajurit pirang – pirang.
 - B. Gugure para prajurit ninggal rasa sedhih, gela , lan getun mungguhe kadang Pandhawa.
 - C. Ora mung golongan Pandhawa, golongan Kurawa lan prajurit negara telukane uga ngraosaken rasa sedhih, gela , lan getun.
 - D. Kabeh kepengin supaya perang enggal rampung.
2. Tembung “ telukane “ nduweni teges
 - A. kancane
 - B. kadange
 - C. jajahan
 - D. tempat dolane
3. Watek Pandhawa ana ing wacan ndhuwur yaiku
 - A. Seneng perang
 - B. Seneng sedhih, gela , lan getun
 - C. Seneng murka lan ora seneng tetulung
 - D. Welas asih lan seneng tetulung
4. Bapak Pucung dudu watu dudu gunung
Sangkamu ing sabrang
Ngon-ingone sang bupati
Yen Lumampah, si Pucung lembehan grono
Batangane tembang ing dhuwur yaiku....
 - A. Gajah
 - B. Macan
 - C. Mobil

- D. Sepur
5. Wong wudunen iku sugih pari. Pari opo?
- Pari gogo
 - Pari mbramo
 - Parikan
 - Paringisan
6. Manut wujud, cangkriman iku kaping dadi....
- 6
 - 5
 - 4
 - 3
7. *Cebloke mengisor*, sing digoleki mendhuwur, batangane....
- Anda
 - Prau bocor
 - Gendheng bocor
 - Benik
8. Sing klebu cangkriman plesetan yaiku....
- Bocor malah enak
 - Adoh-adoh diparani, bareng wes tekan dilewati
 - Segara beldhes
 - Sega sakepel dirubung tinggi
9. Bapak pucung bisa nggereng bisa mbengong
Ngambah jumantara
Kaya manuk rajawali
Wira-wiri nggawa barang lan manungsa
Batangane....
- Sepur
 - Sabuk
 - Ulo
 - Kapal mabur
10. Anak pithik arane...
- Pedhet
 - Gogor
 - Piyik
 - Kuthuk
11. Nalika kowe weruh wong tuwo arep nyebrang dalan, opo kang kudu mbok tindakake?
- Meneng wae
 - Nyebrangake
 - Bablas mangkat sekolah
 - Sajak ora ngerti
12. Ing ngisor iki pakarti kang becik ditindakake nalika ketemu gurune yaiku...
- Ndhingkluk kanti meneng
 - Uluk salam
 - Bengok-bengok
 - Sorak-sorak
13. Dikethok malah *dhuwur* kalebu...
- Cangkriman awujud pepindhan
 - Cangkriman awujud blenderan
 - Cangkriman awujud wacahan
 - Cangkriman awujud sinawung ing tembang
14. "*Rangsinyu, muksitu*" batangane....
- Urang ngusing ing banyu, tekek kemu ngungsi ing jero watu
 - Kemarang isi banyu, mukidi isih tuku

- C. Jurang isi banyu, gumuk isi watu
D. Jurang lunyu, mukidi kepleset watu
15. Sing klebu cangkriman wacahan....
A. Gajah nguntal sangkrah
B. Segara beldhes
C. Bosok malah enak
D. Wong adol krambil dikepruki
16. *Kebo picak* kalebu....
A. Cangkriman awujud pepindhan
B. Cangkriman awujud blenderan
C. Cangkriman awujud wacahan
D. Cangkriman awujud sinawung ing tembang
17. Nalika ngomong karo eyange kudu nganggo basa....
A. Ngoko lugu
B. Krama ndesa
C. Krama inggil
D. Ngoko alus
18. Wong mbuang bathang tikus sing dicekel dhisik apane?
A. Irunge
B. Sikile
C. Buntute
D. Kupinge
19. Ing tengah-tengah pasar ana apane?
A. Bakul
B. S
C. Dalan
D. Dagangan
20. *Pak Demang klambi abang, disuduk manthuk-manthuk*, batangane....
A. Nanas
B. Salak
C. Ontong gedhang
D. Sapu
21. *Wit thoyung*, batangane....
A. Yen dijiwit atho biyung
B. Kopi pahit wetenge kembung
C. Anak uwit ditoto karo payung
D. Lare alit kelangan biyung
22. ꦏꦠꦺꦤ꧀ꦲꦶꦏꦺ aksara jawa iku unine ...
A. Katon apik
B. Katon elek
C. Katon padang
D. Katon jembar
23. Batangane kates. Cangkrimane yaiku
A. Kebo bule dicancang merang
B. Ora mudhun-mudhun yen ora nggowo mrica sak kantong
C. Rasane podha karo jenenge
D. Dijupuki malah dadi mundhak gedhe
24. Lawa limo kalong telu dadi piro?
A. 2
B. 8
C. 9
D. 3

25. Bapak Pucung tanpo untu tanpo siung
Badan ira panjang
Tutuk ira pan pesagi
Dina-dina si Pucung mangan buntut ira
Batangane tembang pucung dhuwur yaiku....
A. Sabuk
B. Ula
C. Sepur
D. Bis

Kanggo pitakon no 26-31

Assalamualaikum Wr. Wb

Nuwun, Bapak Kepala Sekolah ingkang kinurmatan, Bapak Ibu Guru saha tamu undhangan ingkang kula kurmati, para siswa ingkang kula tresnani. Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Allah ingkang Maha Asih, awit rahmat sarta hidayahipun ing wekdal menika kita sedaya saged makempal kanthi kawontenan rahayu wilujeng nir ing sambekala.

Kula remen sanget sarta matur nuwun ingkang tanpa upami dhumateng Bapak Kepala Sekolah saha Bapak Ibu Guru, dene ing acara pepisahan kelas 6 menika kula wali siswa dipunparingi wekdal kangge nularaken kawruh ing babagan usaha damel kripik welud. Bapak Ibu ingkang kinurmatan, para siswa ingkang kula tresnani, perlu kawuningan bilih anggen kula nindakaken usaha damel kripik welud menika sampun puluhan taun. Nanging usaha kula menika mboten langsung lancar lan maju kados samenika. Kathah pepalang ingkang kula adhepi. Kanthi bandha tekad, ulet, lan semangat ingkang makantar-kantar sekedhik mbaka sekedhik usaha kula saged lancar.

Samenika kripik welud kula sampun dados jujugan tiyang damel oleh-oleh khas dhaerah mriki. Bab menika saged ningkataken ekonomi kulawarga kula. Kejawi menika saged mbikak lapangan kerja kangge tanggi tepalih. Bapak Ibu Guru lan para siswa, ing kalodhangan menika kula namung saged atur panjurung mugi – mugi para siswa benjang sageda gadhah krenteg nindakaken wira usaha. Amargi kanthi wira usaha ingkang temen saged ningkataken ekonomi kulawarga.

Wasana cekap semanten atur kula, menawi wonten lepatipun atur kula saha salah bawa ingkang boten mranani penggalih, kula nyuwun agunging samodra pangaksami.

26. Sapa sing pidhato manut teks ing ndhuwur?
A. Bapak Kepala Sekolah
B. Bapak Guru
C. Ibu Guru
D. Wali siswa
27. Apa isine pidhato ing ndhuwur?
A. Andharan bab usaha kripik welud.
B. Kenalan wali siswa anyar.
C. Mupangate wira usaha.
D. Pepisahan kelas enem.
28. Pidhato kasebut katindakake ing ngendi?
A. Ing sekolahan.
B. Ing omahe wali siswa.
C. Ing pabrik kripik welud.
E. Ing kampung kripik welud.

29. Apa tema pidhato ing ndhuwur?
A. Ekonomi kulawarga
B. Kripik welud
C. Lapangan kerja
D. Wira usaha
30. Apa untunge nindakake wira usaha?
A. Bisa ningkatake ekonomi kulawarga.
B. Ngraketake paseduluran tangga teparo.
C. Ngurangi lapangan kerja tangga teparo.
D. Nambahi kawruh para siswa bab wira usaha.
31. Basa sing digunakake ing teks sesorah ing ndhuwur
A. krama
B. ngoko
C. krama alus
D. ngoko alus
32. Amrih pidhatone runtut sadurunge pidhato gawe....
A. Dudutan
B. Persiapan
C. Cengkorongan
D. Aturan
33. Pidato tanpa nganggo persiapan....
A. Impromptu
B. Memoriter
C. Naskah
D. Ektemporan
34. Cengkorongane pidato yaiku....
A. Pambuka
B. Isi
C. Panutup
D. Pambuka, isi, lan panutup
35. Nalika pidhato vokal/suara kudu....
A. Banter
B. Nyaring
C. Nggremeng
D. Cetha
36. Werkudara iku satriya ing negara
A. Ngastina
B. Ngamarta
C. Jodhipati
D. Sawojajar
37. Ing struktur pidato, pambuka duwe gagasan baku salam pambuka, pakurmatan, tetepungan, lan....
A. Puji syukur
B. Panutup
C. Kenalan
D. Pangapura
38. Pidhato ngapalake naskah luwih disik....

- A. Impromptu
 - B. Memoriter
 - C. Naskah
 - D. Ektemporan
39. Muji syukur ing ngarsaning Allah SWT klebu perangan... pidhato.
- A. Pambuka
 - B. Isi
 - C. Panutup
 - D. Dudutan
40. Miturut swasanane pidato utawa sesorah kaperang dadi....
- A. Pidhato kenekaraan karo pidhato perpisahan
 - B. Pidhato ing sekolahan karo pidhato ing nganten
 - C. Pidhato pengetan Hardiknas karo pidhato presiden
 - D. Pidhato resmi karo pidhato ora resmi
41. Pak Suli . . . saking Yogyakarta kala wau dalu. Tembung sing cocok kanggo ngisi titik-titik yaiku
- A. dugi
 - B. tindak
 - C. bidal
 - D. rawuh
42. Ing panutuping pidhato kudhu nggatekake gagasan baku antara liya dudutan, payuwun pangapura, lan....
- A. Salam pambuka
 - B. Salam panutup
 - C. Salam taklim
 - D. Salam kenal
43. Sajroning pidhato kudu nggatekake intonasi, yaiku....
- A. Dawa cendheke swara
 - B. Endhek dhuwure swara
 - C. Adoh cedhake swara
 - D. Bantere swara
44. *Cekap semanten mbok bilih anggen kula matur kathah kekirangan utawi kalepatan, kula nyuwun agunging samudra pangapsami.* Ukara kasebut kalebu perangan pidato yaiku....
- A. Pambuka
 - B. Surasa basa
 - C. Wasana basa
 - D. Salam panutup
45. Solah bawane wong sing lagi pidhato ora kena....
- A. Semangat
 - B. Mbesengut
 - C. Sora swarane
 - D. Cetha ucapane
46. Mugi-mugi para siswa mbenjang sagetha gadhah *krenteg* nindakaken wirausaha. Tegese tembung krenteg yaiku....
- A. Karep
 - B. Gegayuhan
 - C. Cita-cita
 - D. Panjangka
47. Nganggo parem gandane sedhep. Wes kelas enem kudu sing
- A. sregep
 - B. madhep

- C. manteb
 - D. landhep
48. Kembang lombok arane....
- A. Maya
 - B. Besengut
 - C. Menik
 - D. Sinuwun
49. Puji syukur konjuk wonten ngarsanipun Gusti Allah. Tembung konjuk tegese
- A. disuwunke
 - B. diparingke
 - C. diaturake
 - D. diadhepake
50. Istilah *agungin samudra* pangapsami tegese....
- A. Gedhene banyu samudra
 - B. Gedhene pangapura
 - C. Lubere banyu segara
 - D. Gedhene kaluputan